konnen li, mwen ta bay manti tankou nou. Men, mwen
konnen l epi m ap fè tou sa li di m fè. 56Abraram papa
nou te kontan, paske li te anvi wè jou m nan rive. Li wè
li. Sa te fè kè l kontan nèt. 57Jwif yo di li: Ou poko gen
senkantan, epi w ap di w te wè Abraram? 58Jezi reponn
yo: Sa m ap di nou la a, se vre wi: Abraram pat ankò fèt,
mwen menm, mwen te la deja. 59Lè sa a, yo ranmase
wòch pou kalonnen li. Men, Jezi kache kò l yon kote epi
li soti nan Tanp lan.

## Chapit 9

1Jezi t ap pase yon kote konsa lè l wè yon nonm ki
te avèg depi li te fèt. 2Disip li yo mande li: Mèt, poukisa
nonm sa a te fèt tou avèg en? Se peche pa l osinon peche


20Te gen kèk moun peyi Lagrès nan moun ki te vin
Jerizalèm pou adore pandan fèt la. 21Y al jwenn Filip (ki
te moun Betsayda nan peyi Galile), yo di l konsa: Msye,
nou ta renmen wè Jezi. 22Filip al di Andre sa. Epi yo tou
de al di Jezi sa. 23Jezi reponn yo: Kounye a, lè a rive pou
Moun Bondye voye nan lachè a resevwa lwanj ki pou li
a. 24Sa m ap di nou la a, se vre wi: Yon grenn mayi ap
rete pou kont li toutotan li pa tonbe atè pou l mouri.
Men tou, si l mouri, l ap bay anpil grenn. 25Moun ki
renmen lavi l ap pèdi li. Men moun ki rayi lavi li pandan
l sou latè a, l ap konsève l pou lavi ki p ap janm fini an.
26Si yon moun ap sèvi m, se pou l swiv mwen tou.
Konsa, tout kote m a ye, sèvitè mwen va la tou. Papa
m va leve tèt tout moun k ap sèvi mwen.

27Men kounye a, kè m boulvèse. Mwen pa konn sa
pou m di. Mwen ta di: Papa, delivre m anba sa ki pral
rive kounye a. Men, se pou sa menm mwen vini, pou m
pase tan soufrans sa a. 28 Papa o, fè wè pouvwa ou non!
Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Mwen fè wè
pouvwa non mwen deja. M ap fè wè l ankò. 29 Foul moun
ki te la yo tande vwa a. Yo t ap di: Se yon kout loraj!
Gen lòt ki t ap di: Se yon zanj Bondye ki pale avèk li.
30Men, Jezi di yo: Se pa pou mwen non vwa a pale, se
pou nou menm pou nou ka tande. 31Kounye a, lè a rive
pou yo jije moun ki sou tè sa a. Kounye a, yo pral mete
chèf k ap dominen lemonn lan deyò. 32Men mwen menm,

32 Jan 8:51
51Sa m ap di nou la a, se vre wi: moun ki fè tou sa
mwen di l fè, li p ap janm mouri. 52Jwif yo di li: Kounye
a, nou sèten w gen yon move lespri sou w. Abraram
mouri. Pwofèt yo mouri tou. Epi w menm, w ap di: O
wi, moun ki fè tou sa m di l fè, li p ap janm mouri.
53Abraram ki Abraram zansèt nou, li mouri. Kounye a,
ou prèt pou di nou w pi gran pase li? Pwofèt ki pwofèt
yo mouri. Sa w konprann ou ye menm? 54Jezi reponn
yo: Si m t ap fè lwanj tèt mwen, lwanj sa a pa ta vo
anyen. Moun k ap fè lwanj mwen se Papa m, moun nou
pretann di ki Bondye nou an. 55Nou pa konnen li. Men
mwen menm, mwen konnen li. Si pou m ta di mwen pa
konnen li, mwen ta bay manti tankou nou. Men, mwen
konnen l epi m ap fè tou sa li di m fè. 56Abraram papa
nou te kontan, paske li te anvi wè jou m nan rive. Li wè
li. Sa te fè kè l kontan nèt. 57Jwif yo di li: Ou poko gen
senkantan, epi w ap di w te wè Abraram? 58Jezi reponn
yo: Sa m ap di nou la a, se vre wi: Abraram pat ankò fèt,
mwen menm, mwen te la deja. 59Lè sa a, yo ranmase
wòch pou kalonnen li. Men, Jezi kache kò l yon kote epi
li soti nan Tanp lan.

Chapit 9

1Jezi t ap pase yon kote konsa lè l wè yon nonm ki
te avèg depi li te fèt. 2Disip li yo mande li: Mèt, poukisa
nonm sa a te fèt tou avèg en? Se peche pa l osinon peche

Kèk moun peyi Lagrès ap chache wè Jezi 45
20Te gen kèk moun peyi Lagrès nan moun ki te vin
Jerizalèm pou adore pandan fèt la. 21Y al jwenn Filip (ki
te moun Betsayda nan peyi Galile), yo di l konsa: Msye,
nou ta renmen wè Jezi. 22Filip al di Andre sa. Epi yo tou
de al di Jezi sa. 23Jezi reponn yo: Kounye a, lè a rive pou
Moun Bondye voye nan lachè a resevwa lwanj ki pou li
a. 24Sa m ap di nou la a, se vre wi: Yon grenn mayi ap
rete pou kont li toutotan li pa tonbe atè pou l mouri.
Men tou, si l mouri, l ap bay anpil grenn. 25Moun ki
renmen lavi l ap pèdi li. Men moun ki rayi lavi li pandan
l sou latè a, l ap konsève l pou lavi ki p ap janm fini an.
26Si yon moun ap sèvi m, se pou l swiv mwen tou.
Konsa, tout kote m a ye, sèvitè mwen va la tou. Papa
m va leve tèt tout moun k ap sèvi mwen.

27Men kounye a, kè m boulvèse. Mwen pa konn sa
pou m di. Mwen ta di: Papa, delivre m anba sa ki pral
rive kounye a. Men, se pou sa menm mwen vini, pou m
pase tan soufrans sa a. 28 Papa o, fè wè pouvwa ou non!
Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Mwen fè wè
pouvwa non mwen deja. M ap fè wè l ankò. 29 Foul moun
ki te la yo tande vwa a. Yo t ap di: Se yon kout loraj!
Gen lòt ki t ap di: Se yon zanj Bondye ki pale avèk li.
30Men, Jezi di yo: Se pa pou mwen non vwa a pale, se
pou nou menm pou nou ka tande. 31Kounye a, lè a rive
pou yo jije moun ki sou tè sa a. Kounye a, yo pral mete
chèf k ap dominen lemonn lan deyò. 32Men mwen menm,

kavo a. 8Kanta pòv yo, n a toujou genyen yo avè nou.
Men mwen menm, nou p ap genyen m tout tan. 9Yon
gwo foul moun vin konnen Jezi te Betani. Y ale Betani,
pa sèlman poutèt Jezi, mentou pou wè Laza Jezi te fè
leve soti vivan nan lanmò a. 10Lè sa a, chèf prèt yo pran
desizyon pou yo touye Laza tou, 11paske, poutèt li, anpil
jwif t ap vire do ba yo, yo t ap kwè nan Jezi.

12Nan demen, tout foul moun ki te vini pou Fèt
Delivrans jwif yo te vin konnen Jezi t ap rive lavil
Jerizalèm. 13Lè sa a, yo koupe fèy palmis, yo soti al kontre
li. Yo t ap plede rele: Lwanj pou Bondye. Benediksyon
pou moun ki vini nan non Mèt la! Wi, benediksyon pou
Wa pèp Izrayèl la. 14Jezi te jwenn yon ti bourik. Li monte
chita sou li, jan sa te ekri nan Liv la: 15 Nou pa bezwen
pè, nou menm ki nan lavil Siyon an. Gade, men wa nou
an ap vini: Li monte yon jenn ti bourik. 16Disip yo pat
konprann bagay sa yo lamenm. Men, se jouk apre, lè
Jezi te fin monte nan syèl la, yo vin chonje tout bagay
sa yo te ekri davans nan Liv la, epi se sa menm ki te rive
lè moun yo te fè sa pou li. 17Te gen anpil moun ki te la
avèk Jezi lè l te rele Laza pou l te fè l soti nan kavo a, lè
l te fè l leve soti vivan nan lanmò a. Yo tout p ap rakonte
sa yo te wè. 18 Se konsa, foul moun yo te vin konnen li te
fè mirak sa a. Se poutèt sa yo te vin kontre li. 19 Farizyen
yo menm, youn t ap di lòt: Nou wè. Nou pa ka fè anyen
pou anpeche sa. Gade jan tout moun ap swiv li!


manman l ak papa l ki lakòz sa? 3Jezi reponn yo: Se pa
ni peche pa l ni peche manman l ak papa l ki lakòz sa.
Li fèt avèg, se pou moun ka wè sa pouvwa Bondye a ka
fè nan li. 4Toutotan fè klè toujou, se pou m fè travay
moun ki voye m nan ban m fè a. Talè konsa pral fè nwit,
pesonn p ap ka travay. 5Toutotan mwen la sou latè, mwen
se limyè k ap klere tout moun ki sou latè. 6Apre li fin di
pawòl sa yo, Jezi krache atè, li fè yon ti labou ak krache
a, li fwote je nonm nan avèk labou a. 7Li di l konsa: Al
lave figi w nan gwo basen Siloe a. (Mo Siloe sa a vle di:
Moun yo te voye a.) Avèg la ale, li lave figi li. Lè l tounen,
li te ka wè nan tou de je l yo.

8Moun ki te rete bò lakay li yo ansanm ak tout moun
ki te konn wè l ap mande charite anvan sa, yo tout t ap
di: Apa nonm ki te konn chita ap mande charite a! 9Gen
moun ki t ap di: Se li menm wi. Gen lòt ki t ap di tou:
Non. Se pa li. Men, li sanble l anpil. Lè sa a nonm nan di
yo: Se mwen menm menm. 10Yo mande li: Ki jan w fè
wè nan je w yo? 11Li reponn yo: Nonm yo rele Jezi a fè
yon ti labou, li fwote je m ak labou a, epi li di m al lave
figi m nan basen Siloe a. M ale. Lè m fin lave figi m,
mwen wè m wè. 12Yo mande li: Kote nonm sa a? Li
reponn yo: Mwen pa konnen non.

13Yo pran nonm ki te avèg la, yo mennen l bay
farizyen yo. 14Se te yon jou repo Jezi te fè labou a pou

44 Jan 12:8
kavo a. 8Kanta pòv yo, n a toujou genyen yo avè nou.
Men mwen menm, nou p ap genyen m tout tan. 9Yon
gwo foul moun vin konnen Jezi te Betani. Y ale Betani,
pa sèlman poutèt Jezi, mentou pou wè Laza Jezi te fè
leve soti vivan nan lanmò a. 10Lè sa a, chèf prèt yo pran
desizyon pou yo touye Laza tou, 11paske, poutèt li, anpil
jwif t ap vire do ba yo, yo t ap kwè nan Jezi.

12Nan demen, tout foul moun ki te vini pou Fèt
Delivrans jwif yo te vin konnen Jezi t ap rive lavil
Jerizalèm. 13Lè sa a, yo koupe fèy palmis, yo soti al kontre
li. Yo t ap plede rele: Lwanj pou Bondye. Benediksyon
pou moun ki vini nan non Mèt la! Wi, benediksyon pou
Wa pèp Izrayèl la. 14Jezi te jwenn yon ti bourik. Li monte
chita sou li, jan sa te ekri nan Liv la: 15 Nou pa bezwen
pè, nou menm ki nan lavil Siyon an. Gade, men wa nou
an ap vini: Li monte yon jenn ti bourik. 16Disip yo pat
konprann bagay sa yo lamenm. Men, se jouk apre, lè
Jezi te fin monte nan syèl la, yo vin chonje tout bagay
sa yo te ekri davans nan Liv la, epi se sa menm ki te rive
lè moun yo te fè sa pou li. 17Te gen anpil moun ki te la
avèk Jezi lè l te rele Laza pou l te fè l soti nan kavo a, lè
l te fè l leve soti vivan nan lanmò a. Yo tout p ap rakonte
sa yo te wè. 18 Se konsa, foul moun yo te vin konnen li te
fè mirak sa a. Se poutèt sa yo te vin kontre li. 19 Farizyen
yo menm, youn t ap di lòt: Nou wè. Nou pa ka fè anyen
pou anpeche sa. Gade jan tout moun ap swiv li!

Jezi geri yon nonm ki te avèg depi l fèt 33
manman l ak papa l ki lakòz sa? 3Jezi reponn yo: Se pa
ni peche pa l ni peche manman l ak papa l ki lakòz sa.
Li fèt avèg, se pou moun ka wè sa pouvwa Bondye a ka
fè nan li. 4Toutotan fè klè toujou, se pou m fè travay
moun ki voye m nan ban m fè a. Talè konsa pral fè nwit,
pesonn p ap ka travay. 5Toutotan mwen la sou latè, mwen
se limyè k ap klere tout moun ki sou latè. 6Apre li fin di
pawòl sa yo, Jezi krache atè, li fè yon ti labou ak krache
a, li fwote je nonm nan avèk labou a. 7Li di l konsa: Al
lave figi w nan gwo basen Siloe a. (Mo Siloe sa a vle di:
Moun yo te voye a.) Avèg la ale, li lave figi li. Lè l tounen,
li te ka wè nan tou de je l yo.

8Moun ki te rete bò lakay li yo ansanm ak tout moun
ki te konn wè l ap mande charite anvan sa, yo tout t ap
di: Apa nonm ki te konn chita ap mande charite a! 9Gen
moun ki t ap di: Se li menm wi. Gen lòt ki t ap di tou:
Non. Se pa li. Men, li sanble l anpil. Lè sa a nonm nan di
yo: Se mwen menm menm. 10Yo mande li: Ki jan w fè
wè nan je w yo? 11Li reponn yo: Nonm yo rele Jezi a fè
yon ti labou, li fwote je m ak labou a, epi li di m al lave
figi m nan basen Siloe a. M ale. Lè m fin lave figi m,
mwen wè m wè. 12Yo mande li: Kote nonm sa a? Li
reponn yo: Mwen pa konnen non.

13Yo pran nonm ki te avèg la, yo mennen l bay
farizyen yo. 14Se te yon jou repo Jezi te fè labou a pou

louvri je l yo. [15]Se poutèt sa, farizyen yo tou, yo mande
nonm nan sa k te pase ki te fè l ka wè kounye a. Li di yo:
Li mete ti kras labou sou je m yo, lèfini mwen lave figi
mwen. Se konsa, kounye a mwen wè. [16]Te gen de twa
nan farizyen yo ki t ap di: Nonm ki fè sa a pa ka soti nan
Bondye. Li pa obeyi lalwa repo a. Men, gen lòt ki t ap
di: Ki jan yon nonm k ap fè sa ki mal kapab fè yon mirak
konsa? Te vin gen divizyon nan mitan yo. [17]Farizyen yo
mande nonm ki te avèg la: Ou menm, dapre w, nonm ki
louvri je w yo, ki moun li ye? Li reponn: Se yon pwofèt
li ye. [18]Men, jwif yo pat vle kwè li te avèg anvan sa. Yo
fè chache papa l ak manman l pou poze yo kekzyon.
[19]Yo mande yo: Eske nonm sa a se pitit gason nou an
vre? Eske se vre li te fèt avèg? Sa k pase l ki fè li wè
kounye a? [20]Papa a ak manman an reponn yo: Nou konnen
se pitit gason nou li ye, li te fèt avèg. [21]Men, nou pa
konnen sa k pase l ki fè l wè kounye a. Nou pa konnen
tou ki moun ki louvri je li. Nou mèt mande li. L ase gran
konsa. Li ka reponn li menm. [22]Papa a ak manman an te
pale konsa paske yo te pè jwif yo. Paske, jwif yo te tonbe
dakò sou pwen sa a: Tout moun ki ta di Jezi se Kris la,
yo t ap mete yo deyò nan sinagòg la. [23]Se poutèt sa papa
l ak manman l te di: l ase gran, li ka reponn li menm.
Nou mèt mande li. [24]Farizyen yo rele nonm ki te avèg la
yon dezyèm fwa. Yo di li: Di verite a devan Bondye.
Nou konnen nonm sa a se yon nonm k ap fè sa ki mal.
[25]Li reponn yo: Mwen pa konnen si se yon moun k ap fè


nan yon vil yo rele Efrayim. Se la li te rete ak disip li yo.
[55]Fèt Delivrans jwif yo te prèt pou rive. Anpil moun
soti toupatou nan peyi a, yo monte Jerizalèm anvan
fèt la pou yo te ka fè sèvis pou mete yo nan kondisyon
pou yo sèvi Bondye. [56]Yo t ap chache Jezi. Antan yo
tout te nan Tanp nan, youn t ap mande lòt: Sa nou di?
Ou kwè l ap vin nan fèt la? [57]Chèf prèt yo ansanm ak
farizyen yo te bay lòd sa a: Si yon moun te konnen kote
Jezi te ye, se pou l fè yo konnen pou yo ka arete li.

## Chapit 12

[1]Sis jou anvan fèt Delivrans jwif yo, Jezi tounen
Betani kote Laza te rete a. Laza se nonm li te fè leve soti
vivan nan lanmò a. [2] Antan l te la, yo ofri l manje. Se
Mat ki t ap sèvi manje a. Laza menm te pami moun ki te
chita bò tab la avèk Jezi. [3] Lè sa a, Mari pran yon boutèy
demi lit plen yon odè ki fèt ak yon fèy yo rele n a. Odè
sa a te vann byen chè. Li vide tout odè a sou pye Jezi.
Apre sa, li siye yo ak cheve li. Tout kay la te plen sant
odè a. [4]Youn nan disip Jezi yo, sa ki tapral trayi l la, Jida
Iskariòt, di konsa: [5]Poukisa yo pat vann odè sa a pou
twasan (300) goud? Yo ta bay pòv lajan sa a. [6]Li pat di
sa paske li te vle fè kichòy vre pou pòv yo, men paske se
vòlè li te ye. Se li ki te kenbe kès lajan an, li te konn
pran nan sa yo te mete ladan li. [7]Men, Jezi di li: Kite l an
repo! Kite l konsève odè sa a pou jou y a mete kò m nan

34 Jan 9:15
louvri je l yo. [15]Se poutèt sa, farizyen yo tou, yo mande
nonm nan sa k te pase ki te fè l ka wè kounye a. Li di yo:
Li mete ti kras labou sou je m yo, lèfini mwen lave figi
mwen. Se konsa, kounye a mwen wè. [16]Te gen de twa
nan farizyen yo ki t ap di: Nonm ki fè sa a pa ka soti nan
Bondye. Li pa obeyi lalwa repo a. Men, gen lòt ki t ap
di: Ki jan yon nonm k ap fè sa ki mal kapab fè yon mirak
konsa? Te vin gen divizyon nan mitan yo. [17]Farizyen yo
mande nonm ki te avèg la: Ou menm, dapre w, nonm ki
louvri je w yo, ki moun li ye? Li reponn: Se yon pwofèt
li ye. [18]Men, jwif yo pat vle kwè li te avèg anvan sa. Yo
fè chache papa l ak manman l pou poze yo kekzyon.
[19]Yo mande yo: Eske nonm sa a se pitit gason nou an
vre? Eske se vre li te fèt avèg? Sa k pase l ki fè li wè
kounye a? [20]Papa a ak manman an reponn yo: Nou konnen
se pitit gason nou li ye, li te fèt avèg. [21]Men, nou pa
konnen sa k pase l ki fè l wè kounye a. Nou pa konnen
tou ki moun ki louvri je li. Nou mèt mande li. L ase gran
konsa. Li ka reponn li menm. [22]Papa a ak manman an te
pale konsa paske yo te pè jwif yo. Paske, jwif yo te tonbe
dakò sou pwen sa a: Tout moun ki ta di Jezi se Kris la,
yo t ap mete yo deyò nan sinagòg la. [23]Se poutèt sa papa
l ak manman l te di: l ase gran, li ka reponn li menm.
Nou mèt mande li. [24]Farizyen yo rele nonm ki te avèg la
yon dezyèm fwa. Yo di li: Di verite a devan Bondye.
Nou konnen nonm sa a se yon nonm k ap fè sa ki mal.
[25]Li reponn yo: Mwen pa konnen si se yon moun k ap fè
Y ap fè konplo sou do Jezi 43
nan yon vil yo rele Efrayim. Se la li te rete ak disip li yo.
[55]Fèt Delivrans jwif yo te prèt pou rive. Anpil moun
soti toupatou nan peyi a, yo monte Jerizalèm anvan
fèt la pou yo te ka fè sèvis pou mete yo nan kondisyon
pou yo sèvi Bondye. [56]Yo t ap chache Jezi. Antan yo
tout te nan Tanp nan, youn t ap mande lòt: Sa nou di?
Ou kwè l ap vin nan fèt la? [57]Chèf prèt yo ansanm ak
farizyen yo te bay lòd sa a: Si yon moun te konnen kote
Jezi te ye, se pou l fè yo konnen pou yo ka arete li.
Chapit 12
[1]Sis jou anvan fèt Delivrans jwif yo, Jezi tounen
Betani kote Laza te rete a. Laza se nonm li te fè leve soti
vivan nan lanmò a. [2] Antan l te la, yo ofri l manje. Se
Mat ki t ap sèvi manje a. Laza menm te pami moun ki te
chita bò tab la avèk Jezi. [3] Lè sa a, Mari pran yon boutèy
demi lit plen yon odè ki fèt ak yon fèy yo rele n a. Odè
sa a te vann byen chè. Li vide tout odè a sou pye Jezi.
Apre sa, li siye yo ak cheve li. Tout kay la te plen sant
odè a. [4]Youn nan disip Jezi yo, sa ki tapral trayi l la, Jida
Iskariòt, di konsa: [5]Poukisa yo pat vann odè sa a pou
twasan (300) goud? Yo ta bay pòv lajan sa a. [6]Li pat di
sa paske li te vle fè kichòy vre pou pòv yo, men paske se
vòlè li te ye. Se li ki te kenbe kès lajan an, li te konn
pran nan sa yo te mete ladan li. [7]Men, Jezi di li: Kite l an
repo! Kite l konsève odè sa a pou jou y a mete kò m nan

te tande mwen. 42Mwen menm, mwen konnen w toujou
tande m, men se poutèt moun sa yo ki bò kote m nan m
ap di w sa, pou yo sa kwè se w menm ki voye mwen.
43Lè l fin di pawòl sa yo, li rele byen fò: Laza, soti deyò!
44Mò a soti, de pye l ak de men l yo tou mare ak bann
twal, figi l tou vlope nan yon moso twal. Jezi di yo:
Demare l non, kite l ale.

45Nan jwif ki te vin kay Mari yo epi ki te wè sa Jezi
te fè a, anpil te kwè nan li. 46 Men, gen ladan yo k al
jwenn farizyen yo. Yo rakonte yo sa Jezi te fè. 47Farizyen
yo menm ansanm ak chèf prèt yo reyini Gran Konsèy
la. Yo mande: Kisa n ap fè? Nonm sa a ap fè anpil mirak.
48Si nou pa fè l sispann, tout moun pral kwè nan li. Talè
konsa, otorite women yo va antre nan koze a, y a detwi
ni tanp nou an ni peyi nou an.49Te gen youn ladan yo ki
te rele Kayif. Se li menm ki te granprèt pou lanne a. Li
di yo: Gen lè nou pa konprann anyen! 50Nou pa wè li pi
bon pou nou si yon sèl moun mouri pou pèp la. Konsa
tout peyi a va sove. 51(Kayif pa te di sa konsa non. Men,
li te granprèt pou lanne a, konsa li t ap fè konnen davans
ki jan Jezi te dwe mouri pou tout jwif ki nan peyi a.
52Epi, pa sèlman pou jwif yo, men tou pou l te sanble
tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò.) 53Se depi
jou sa a otorite jwif yo pran desizyon pou yo touye Jezi.
54Se poutèt sa tou Jezi te sispann fè ale vini nan mitan
jwif yo an piblik. Li mete kò l yon kote toupre dezè a,



sa ki mal osinon sa ki byen. Yon sèl bagay mwen konnen:
mwen te avèg, koulye a mwen wè. 26Yo mande li: Men,
kisa l te fè? Ki jan l te fè pou louvri je w yo? 27Li
reponn yo: Mwen deja di nou ki jan, men nou pa t ap
koute. Poukisa nou vle m redi l ankò? Gen lè, nou menm
tou, nou ta renmen tounen disip li? 28Yo joure l, yo di l
konsa: Se w menm ki disip li! Nou menm, nou se disip
Moyiz. 29Nou konnen Bondye te pale ak Moyiz. Men, li
menm, nou pa menm konnen ki bò l soti.30Nonm nan
reponn yo: Ala bagay dwòl en! Nou pa konnen ki bò l
soti? Epi, se li menm ki louvri je m yo! 31Nou tout nou
konnen sa: Bondye pa tande lè se yon moun k ap fè sa ki
mal ki pale avè li. Men, se pa menm bagay lè se yon
moun ki respekte l, yon moun ki fè volonte l k ap pale
avè li. 32Nou poko janm tande yo fè yon moun ki fèt
avèg wè. 33Si nonm sa a pat soti nan Bondye, li pa ta ka
fè anyen. 34Yo reponn li: Se nan peche w fèt, epi w
konprann pou w vin ban nou leson kounye a? Epi yo
mete l deyò nan sinagòg la.

35Jezi te vin konnen yo te mete moun ki te avèg la
deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l, li di l konsa:
Eske w kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a?
36Nonm lan reponn li: Mèt, di m ki moun li ye pou m ka
kwè nan li? 37Jezi reponn li: Apa w ap gade li! Se li
menm k ap pale avè w la a wi. 38Nonm nan di: Seyè,
mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi.

42 Jan 11:42

te tande mwen. 42Mwen menm, mwen konnen w toujou
tande m, men se poutèt moun sa yo ki bò kote m nan m
ap di w sa, pou yo sa kwè se w menm ki voye mwen.
43Lè l fin di pawòl sa yo, li rele byen fò: Laza, soti deyò!
44Mò a soti, de pye l ak de men l yo tou mare ak bann
twal, figi l tou vlope nan yon moso twal. Jezi di yo:
Demare l non, kite l ale.

45Nan jwif ki te vin kay Mari yo epi ki te wè sa Jezi
te fè a, anpil te kwè nan li. 46 Men, gen ladan yo k al
jwenn farizyen yo. Yo rakonte yo sa Jezi te fè. 47Farizyen
yo menm ansanm ak chèf prèt yo reyini Gran Konsèy
la. Yo mande: Kisa n ap fè? Nonm sa a ap fè anpil mirak.
48Si nou pa fè l sispann, tout moun pral kwè nan li. Talè
konsa, otorite women yo va antre nan koze a, y a detwi
ni tanp nou an ni peyi nou an.49Te gen youn ladan yo ki
te rele Kayif. Se li menm ki te granprèt pou lanne a. Li
di yo: Gen lè nou pa konprann anyen! 50Nou pa wè li pi
bon pou nou si yon sèl moun mouri pou pèp la. Konsa
tout peyi a va sove. 51(Kayif pa te di sa konsa non. Men,
li te granprèt pou lanne a, konsa li t ap fè konnen davans
ki jan Jezi te dwe mouri pou tout jwif ki nan peyi a.
52Epi, pa sèlman pou jwif yo, men tou pou l te sanble
tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò.) 53Se depi
jou sa a otorite jwif yo pran desizyon pou yo touye Jezi.
54Se poutèt sa tou Jezi te sispann fè ale vini nan mitan
jwif yo an piblik. Li mete kò l yon kote toupre dezè a,

Moun ki avèg nan lespri yo 35

sa ki mal osinon sa ki byen. Yon sèl bagay mwen konnen:
mwen te avèg, koulye a mwen wè. 26Yo mande li: Men,
kisa l te fè? Ki jan l te fè pou louvri je w yo? 27Li
reponn yo: Mwen deja di nou ki jan, men nou pa t ap
koute. Poukisa nou vle m redi l ankò? Gen lè, nou menm
tou, nou ta renmen tounen disip li? 28Yo joure l, yo di l
konsa: Se w menm ki disip li! Nou menm, nou se disip
Moyiz. 29Nou konnen Bondye te pale ak Moyiz. Men, li
menm, nou pa menm konnen ki bò l soti.30Nonm nan
reponn yo: Ala bagay dwòl en! Nou pa konnen ki bò l
soti? Epi, se li menm ki louvri je m yo! 31Nou tout nou
konnen sa: Bondye pa tande lè se yon moun k ap fè sa ki
mal ki pale avè li. Men, se pa menm bagay lè se yon
moun ki respekte l, yon moun ki fè volonte l k ap pale
avè li. 32Nou poko janm tande yo fè yon moun ki fèt
avèg wè. 33Si nonm sa a pat soti nan Bondye, li pa ta ka
fè anyen. 34Yo reponn li: Se nan peche w fèt, epi w
konprann pou w vin ban nou leson kounye a? Epi yo
mete l deyò nan sinagòg la.

35Jezi te vin konnen yo te mete moun ki te avèg la
deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l, li di l konsa:
Eske w kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a?
36Nonm lan reponn li: Mèt, di m ki moun li ye pou m ka
kwè nan li? 37Jezi reponn li: Apa w ap gade li! Se li
menm k ap pale avè w la a wi. 38Nonm nan di: Seyè,
mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi.

39Lè sa a, Jezi di: Mwen vin sou tè a pou yon jijman:
Moun ki avèg yo pral wè. Men moun ki wè yo pral tounen
avèg. 40Te gen kèk farizyen la avèk li. Lè yo tande pawòl
sa yo, yo mande l: Eske nou menm tou, nou avèg? 41Jezi
reponn yo: Si nou te avèg, nou pa ta koupab. Men, n ap
plede di nou wè, nou wè. Se poutèt sa nou antò toujou.

## Chapit 10

1Sa m ap di nou la a, se vre wi: Moun ki pa pase
nan pòt la pou antre nan pak mouton an, men ki eskalade
lantouraj la pou antre nan pak la yon lòt kote, moun sa a
se yon vòlè, yon piyajè. 2 Men, moun ki pase nan pòt la,
se gadò mouton yo li ye 3Moun k ap veye pòt la louvri l
pou li. Tout mouton yo rekonèt vwa li. Li rele tout mou-
ton l yo, li ba yo chak non yo, li mennen yo deyò. 4Lè li
fin fè yo tout soti, li mache devan yo; tout mouton yo
swiv li paske yo konnen vwa li. 5Men, yo p ap swiv yon
moun yo pa konnen. Okontrè, y ap kouri byen lwen pou
li paske yo pa rekonèt vwa li. 6Jezi di yo parabòl sa a,
men yo pat konprann sa l te vle di yo. 7Jezi di yo ankò:
Sa m ap di nou la a, se vre wi: Mwen se pòt pak mouton
yo. 8Tout moun ki te vin anvan m yo, se yon bann vòlè
ak piyajè yo te ye. Men, mouton yo pat koute yo. 9Se
mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou
antre, l a sove. L a antre, l a soti, l a jwenn manje pou l
manje. 10Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li


gen pou yo viv menm si yo rive mouri. 26Moun k ap viv,
epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p ap janm mouri.
Eske w kwè sa? 27Mat reponn li: Wi, Seyè, mwen kwè w
se Kris la, Pitit Bondye. Ou se moun ki te gen pou vini
sou latè a. 28Lè li fin di sa, al rele Mari, sè l la, li di l nan
zòrèy: Mèt la la wi. Li mande pou w vin jwenn li. 29Tande
Mari tande sa, li leve, li kouri al jwenn Jezi. 30(Jezi pat
ankò antre nan bouk la. Li te rete kote Mat te kontre l
la.) 31Jwif yo ki te nan kay la avèk Mari pou konsole l, lè
yo wè l leve soti, yo swiv li. Yo te konprann li tapral
kriye bò kavo a. 32Lè Mari rive kote Jezi te ye a, wè li
wè l , li lage kò l atè nan pye l, li di l konsa: Seyè, si w te
la, frè m nan pa ta mouri.

33Jezi wè jan li t ap kriye ansanm ak jwif yo ki te
vin avè l yo, sa te fè l mal anpil, kè l t ap fann. 34Li
mande yo: Ki bò nou antere li? Yo reponn li: Seyè, vin
wè non. 35 Jezi kriye. 36Lè sa a, jwif yo di: Gade jan li te
renmen l non! 37Men, te gen kèk nan yo ki t ap di: Li
menm ki louvri je avèg yo, li pat kapab anpeche Laza
mouri? 38Sa te fè Jezi pi mal ankò. li al bò kavo a. Se te
yon gwòt avèk yon wòch yo te mete devan bouch li.
39Jezi di yo: Wete wòch la. Mat, sè mò a, di l konsa:
Seyè, li dwe kòmanse santi deja, sa fè kat jou depi l nan
kavo a. 40Jezi reponn li: Mwen pa deja di w: Si w kwè,
w a wè pouvwa Bondye? 41Se konsa, yo wete wòch la.
Jezi leve je l anlè nan syèl la, li di: Mèsi, Papa, dèske w

36 Jan 9:39
39Lè sa a, Jezi di: Mwen vin sou tè a pou yon jijman:
Moun ki avèg yo pral wè. Men moun ki wè yo pral tounen
avèg. 40Te gen kèk farizyen la avèk li. Lè yo tande pawòl
sa yo, yo mande l: Eske nou menm tou, nou avèg? 41Jezi
reponn yo: Si nou te avèg, nou pa ta koupab. Men, n ap
plede di nou wè, nou wè. Se poutèt sa nou antò toujou.

Chapit 10

1Sa m ap di nou la a, se vre wi: Moun ki pa pase
nan pòt la pou antre nan pak mouton an, men ki eskalade
lantouraj la pou antre nan pak la yon lòt kote, moun sa a
se yon vòlè, yon piyajè. 2 Men, moun ki pase nan pòt la,
se gadò mouton yo li ye 3Moun k ap veye pòt la louvri l
pou li. Tout mouton yo rekonèt vwa li. Li rele tout mou-
ton l yo, li ba yo chak non yo, li mennen yo deyò. 4Lè li
fin fè yo tout soti, li mache devan yo; tout mouton yo
swiv li paske yo konnen vwa li. 5Men, yo p ap swiv yon
moun yo pa konnen. Okontrè, y ap kouri byen lwen pou
li paske yo pa rekonèt vwa li. 6Jezi di yo parabòl sa a,
men yo pat konprann sa l te vle di yo. 7Jezi di yo ankò:
Sa m ap di nou la a, se vre wi: Mwen se pòt pak mouton
yo. 8Tout moun ki te vin anvan m yo, se yon bann vòlè
ak piyajè yo te ye. Men, mouton yo pat koute yo. 9Se
mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou
antre, l a sove. L a antre, l a soti, l a jwenn manje pou l
manje. 10Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li


gen pou yo viv menm si yo rive mouri. 26Moun k ap viv,
epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p ap janm mouri.
Eske w kwè sa? 27Mat reponn li: Wi, Seyè, mwen kwè w
se Kris la, Pitit Bondye. Ou se moun ki te gen pou vini
sou latè a. 28Lè li fin di sa, Mat al rele Mari, sè l la, li di
l nan zòrèy: Mèt la la wi. Li mande pou w vin jwenn li.
29Tande Mari tande sa, li leve, li kouri al jwenn Jezi.
30(Jezi pat ankò antre nan bouk la. Li te rete kote Mat te
kontre l la.) 31Jwif yo ki te nan kay la avèk Mari pou
konsole l, lè yo wè l leve soti, yo swiv li. Yo te konprann
li tapral kriye bò kavo a. 32Lè Mari rive kote Jezi te ye a,
wè li wè l , li lage kò l atè nan pye l, li di l konsa: Seyè,
si w te la, frè m nan pa ta mouri.

33Jezi wè jan li t ap kriye ansanm ak jwif yo ki te
vin avè l yo, sa te fè l mal anpil, kè l t ap fann. 34Li
mande yo: Ki bò nou antere li? Yo reponn li: Seyè, vin
wè non. 35 Jezi kriye. 36Lè sa a, jwif yo di: Gade jan li te
renmen l non! 37Men, te gen kèk nan yo ki t ap di: Li
menm ki louvri je avèg yo, li pat kapab anpeche Laza
mouri? 38Sa te fè Jezi pi mal ankò. li al bò kavo a. Se te
yon gwòt avèk yon wòch yo te mete devan bouch li.
39Jezi di yo: Wete wòch la. Mat, sè mò a, di l konsa:
Seyè, li dwe kòmanse santi deja, sa fè kat jou depi l nan
kavo a. 40Jezi reponn li: Mwen pa deja di w: Si w kwè,
w a wè pouvwa Bondye? 41Se konsa, yo wete wòch la.
Jezi leve je l anlè nan syèl la, li di: Mèsi, Papa, dèske w

a ankò? 9Jezi di yo: Gen douzè de tan nan yon jounen,
pa vre? Si yon moun ap mache lajounen, li p ap bite,
paske li wè limyè k ap klere tè a. 10Men, si yon moun ap
mache lannwit, l ap kase pye l, paske li pa gen limyè
nan li. 11Lè Jezi fin di yo sa, li di ankò: Laza, zanmi nou
an, ap dòmi. Mwen pral leve li. 12Disip yo reponn li:
Mèt, si l ap dòmi, li pral geri. 13Jezi te vle di yo Laza te
mouri, men disip yo te konprann se dòmi Laza t ap dòmi
tankou tout moun konn fè. 14Lè sa a, Jezi di yo klè: Laza
mouri. 15Poutèt nou, mwen byen kontan mwen pat la.
Konsa n a kwè. Ann al jwenn li. 16Lè sa a, Toma (yo te
rele Jimo a) di lòt disip yo: Ann ale tou ansanm ak Mèt
la pou n ka mouri ansanm avè li.

17Lè Jezi rive, li jwenn Laza te gen tan antere depi
kat jou. 18Betani te yon ti bouk toupre lavil Jerizalèm,
twa kilomèt konsa, pa plis. 19Anpil jwif te vin lakay Mat
ak Mari pou konsole yo ak lanmò frè yo a. 20Lè Mat vin
konnen Jezi t ap vini, li pati, li al kontre li. Men, Mari te
rete chita nan kay la. 21Mat di Jezi konsa: Mèt, si w te la,
frè m nan pa ta mouri non. 22Men, mwen konn sa: menm
kounye a, Bondye va ba w nenpòt kisa w mande li. 23Jezi
di li: Frè w la va leve vivan ankò. 24Mat reponn li: Wi,
mwen konn sa. Li gen pou l leve vivan ankò nan dènye
jou a, lè tout moun mouri yo va leve. 25Jezi di li: Se
mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm
ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo


vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen
menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo
genyen l an kantite. 11Se mwen menm ki bon gadò mou-
ton yo. Bon gadò a ap bay lavi l pou mouton l yo. 12Yon
nonm k ap fè yon djòb, se pa yon gadò li ye. Mouton yo
pa pou li. Lè l wè bèt nan bwa ap vini, li kouri kite mou-
ton yo, li met deyò. Lè konsa, bèt nan bwa a pran mou-
ton yo pote ale, li gaye yo. 13 Nonm nan met deyò paske
se yon djòb l ap fè. Ki mele l ak mouton yo? 14-15Mwen
menm, mwen se gadò mouton yo. Papa a konnen m,
mwen konn Papa a. Konsa tou, mwen konnen mouton
m yo. Yo menm tou yo konnen mwen. 16Mwen gen anpil
lòt mouton ki pa nan pak sa a. Mwen gen pou m mennen
yo tou. Y a tande vwa mwen. Lè sa a, va gen yon sèl
bann mouton ak yon sèl gadò.

17Papa a renmen m, paske m ap bay lavi m pou m ka
resevwa l ankò. 18Pesonn pa ka wete lavi m, se mwen
menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou
m bay li, mwen gen pouvwa pou m resevwa l ankò. Se
sa menm Papa a te ban m lòd fè.

19Te vin gen yon lòt kont nan mitan jwif yo sou
pawòl sa yo. 20Anpil jwif t ap di: Li gen yon move lespri
sou li! Li fou! San bezwen pèdi tan n ap koute yon
nonm konsa fè? 21Gen lòt ki t ap di: Yon moun ki gen
move lespri sou li pa ta pale konsa. Eske move lespri
kapab louvri je avèg?

40 Jan 11:9
a ankò? 9Jezi di yo: Gen douzè de tan nan yon jounen,
pa vre? Si yon moun ap mache lajounen, li p ap bite,
paske li wè limyè k ap klere tè a. 10Men, si yon moun ap
mache lannwit, l ap kase pye l, paske li pa gen limyè
nan li. 11Lè Jezi fin di yo sa, li di ankò: Laza, zanmi nou
an, ap dòmi. Mwen pral leve li. 12Disip yo reponn li:
Mèt, si l ap dòmi, li pral geri. 13Jezi te vle di yo Laza te
mouri, men disip yo te konprann se dòmi Laza t ap dòmi
tankou tout moun konn fè. 14Lè sa a, Jezi di yo klè: Laza
mouri. 15Poutèt nou, mwen byen kontan mwen pat la.
Konsa n a kwè. Ann al jwenn li. 16Lè sa a, Toma (yo te
rele Jimo a) di lòt disip yo: Ann ale tou ansanm ak Mèt
la pou n ka mouri ansanm avè li.

17Lè Jezi rive, li jwenn Laza te gen tan antere depi
kat jou. 18Betani te yon ti bouk toupre lavil Jerizalèm,
twa kilomèt konsa, pa plis. 19Anpil jwif te vin lakay Mat
ak Mari pou konsole yo ak lanmò frè yo a. 20Lè Mat vin
konnen Jezi t ap vini, li pati, li al kontre li. Men, Mari te
rete chita nan kay la. 21Mat di Jezi konsa: Mèt, si w te la,
frè m nan pa ta mouri non. 22Men, mwen konn sa: menm
kounye a, Bondye va ba w nenpòt kisa w mande li. 23Jezi
di li: Frè w la va leve vivan ankò. 24Mat reponn li: Wi,
mwen konn sa. Li gen pou l leve vivan ankò nan dènye
jou a, lè tout moun mouri yo va leve. 25Jezi di li: Se
mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm
ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo

Jezi se bon gadò mouton yo 37
vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen
menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo
genyen l an kantite. 11Se mwen menm ki bon gadò mou-
ton yo. Bon gadò a ap bay lavi l pou mouton l yo. 12 Yon
nonm k ap fè yon djòb, se pa yon gadò li ye. Mouton yo
pa pou li. Lè l wè bèt nan bwa ap vini, li kouri kite mou-
ton yo, li met deyò. Lè konsa, bèt nan bwa a pran mou-
ton yo pote ale, li gaye yo. 13 Nonm nan met deyò paske
se yon djòb l ap fè. Ki mele l ak mouton yo? 14- 15Mwen
menm, mwen se gadò mouton yo. Papa a konnen m,
mwen konn Papa a. Konsa tou, mwen konnen mouton
m yo. Yo menm tou yo konnen mwen. 16Mwen gen anpil
lòt mouton ki pa nan pak sa a. Mwen gen pou m mennen
yo tou. Y a tande vwa mwen. Lè sa a, va gen yon sèl
bann mouton ak yon sèl gadò.

17Papa a renmen m, paske m ap bay lavi m pou m ka
resevwa l ankò. 18Pesonn pa ka wete lavi m, se mwen
menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou
m bay li, mwen gen pouvwa pou m resevwa l ankò. Se
sa menm Papa a te ban m lòd fè.

19Te vin gen yon lòt kont nan mitan jwif yo sou
pawòl sa yo. 20Anpil jwif t ap di: Li gen yon move lespri
sou li! Li fou! San bezwen pèdi tan n ap koute yon
nonm konsa fè? 21Gen lòt ki t ap di: Yon moun ki gen
move lespri sou li pa ta pale konsa. Eske move lespri
kapab louvri je avèg?

[22]Se te nan mitan sezon fredi. Yo t ap fete Fèt
Dedikas la nan lavil Jerizalèm. [23]Jezi t ap ale vini anba
Galeri Salomon an nan Tanp nan. [24]Jwif yo sanble bò
kote l, yo di l konsa: Kilè w a wete nou nan doutans sa
a? Si w se Kris la, di nou sa kare kare. [25]Jezi reponn yo:
Mwen deja di nou sa, nou pa vle kwè mwen. Bagay m
ap fè yo, se avèk otorite Papa m m ap fè yo. Yo pale pou
mwen. [26]Men, nou pa kwè paske nou pa fè pati mouton
m yo. [27]Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo
epi yo swiv mwen. [28]Mwen ba yo lavi ki p ap janm fini
an. Yo p ap janm peri, pesonn p ap janm ka rache yo nan
men mwen. [29]Sa Papa m ban mwen an pi gran pase tout.
Pesonn pa ka rache anyen ki nan men Papa a. [30]Mwen
menm ak Papa m, nou fè yon sèl. [31]Jwif yo ranmase wòch
pou kalonnen li. [32]Lè sa a, Jezi di yo: Avèk pouvwa Papa
a mwen fè anpil bon bagay nan mitan nou. Manyè di m
pou kilès ladan yo nou vle touye m ak kout wòch la?
[33]Jwif yo reponn li: Se pa pou okenn bon bagay nou vle
touye w ak kout wòch. Men, se paske w ap pale mal sou
Bondye. Se moun ou ye, epi w ap chache pase pou
Bondye. [34]Jezi reponn yo: Dapre sa ki ekri nan Lalwa
nou an, Bondye te di: Se bondye nou ye.[35]Nou konnen
sa Liv la di, li di l nèt. Tout moun ki resevwa pawòl
Bondye, se bondye yo ye. [36]Mwen menm menm, se
Bondye ki te mete m apa pou li, se li ki voye m sou latè.
Ki jan nou ka di m ap pale Bondye mal lè m di se pitit
Bondye mwen ye? [37]Si m pa fè travay Papa m ban


m fè a, nou pa bezwen kwè mwen. [38]Men, si mwen fè l,
menm si nou pa ta vle kwè nan mwen, omwens kwè
nan travay m ap fè a. Konsa, nou ta tou konnen Papa a
nan mwen, mwen nan Papa a.

[39]Yo t ap chache ankò pou yo te arete l, men li
chape anba men yo. [40]Jezi tounen ankò lòt bò Larivyè
Jouden kote Jan te konn batize a. Li rete la. [41]Anpil moun
te vin jwenn li. Yo t ap di: Jan pat fè okenn mirak, men
tou sa li te di nou sou nonm sa a, se te vre wi. [42]Anpil
moun la te kwè nan Jezi.

## Chapit 11

[1]Te gen yon nonm yo te rele Laza ki tonbe malad.
Li te rete Betani, yon ti bouk kote Mari t ap viv ansanm
ak Mat, sè l la. [2](Mari sa a, se te fanm ki te vide odè sou
pye Seyè a, epi ki te siye yo ak cheve li. Laza, nonm ki
te malad la, se te frè li.) [3]De sè yo voye yon moun bò kot
Jezi pou di li: Seyè, zanmi ou lan malad. [4]Lè Jezi tande
nouvèl la, li di: Maladi Laza a p ap touye li. Tou sa rive
pou fè moun wè pouvwa Bondye. Se ak maladi sa a
Bondye pral fè wè pouvwa Pitit li a. [5]Jezi te renmen
Mat, Mari, sè l la, ansanm ak Laza. [6]Apre li fin pran
nouvèl maladi Laza a, li rete de jou ankò kote l te ye a.
[7]Apre sa, li di disip li yo: Ann tounen nan Jide. [8]Disip li
yo reponn li: Mèt, pa gen lontan jwif yo t ap chache
touye w ak kout wòch, epi koulye a w vle tounen laba

38 Jan 10:22
[22]Se te nan mitan sezon fredi. Yo t ap fete Fèt
Dedikas la nan lavil Jerizalèm. [23]Jezi t ap ale vini anba
Galeri Salomon an nan Tanp nan. [24]Jwif yo sanble bò
kote l, yo di l konsa: Kilè w a wete nou nan doutans sa
a? Si w se Kris la, di nou sa kare kare. [25]Jezi reponn yo:
Mwen deja di nou sa, nou pa vle kwè mwen. Bagay m
ap fè yo, se avèk otorite Papa m m ap fè yo. Yo pale pou
mwen. [26]Men, nou pa kwè paske nou pa fè pati mouton
m yo. [27]Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo
epi yo swiv mwen. [28]Mwen ba yo lavi ki p ap janm fini
an. Yo p ap janm peri, pesonn p ap janm ka rache yo nan
men mwen. [29]Sa Papa m ban mwen an pi gran pase tout.
Pesonn pa ka rache anyen ki nan men Papa a. [30]Mwen
menm ak Papa m, nou fè yon sèl. [31]Jwif yo ranmase wòch
pou kalonnen li. [32]Lè sa a, Jezi di yo: Avèk pouvwa Papa
a mwen fè anpil bon bagay nan mitan nou. Manyè di m
pou kilès ladan yo nou vle touye m ak kout wòch la?
[33]Jwif yo reponn li: Se pa pou okenn bon bagay nou vle
touye w ak kout wòch. Men, se paske w ap pale mal sou
Bondye. Se moun ou ye, epi w ap chache pase pou
Bondye. [34]Jezi reponn yo: Dapre sa ki ekri nan Lalwa
nou an, Bondye te di: Se bondye nou ye.[35]Nou konnen
sa Liv la di, li di l nèt. Tout moun ki resevwa pawòl
Bondye, se bondye yo ye. [36]Mwen menm menm, se
Bondye ki te mete m apa pou li, se li ki voye m sou latè.
Ki jan nou ka di m ap pale Bondye mal lè m di se pitit
Bondye mwen ye? [37]Si m pa fè travay Papa m ban

Lazi mouri 39
m fè a, nou pa bezwen kwè mwen. [38]Men, si mwen fè l,
menm si nou pa ta vle kwè nan mwen, omwens kwè
nan travay m ap fè a. Konsa, nou ta tou konnen Papa a
nan mwen, mwen nan Papa a.

[39]Yo t ap chache ankò pou yo te arete l, men li
chape anba men yo. [40]Jezi tounen ankò lòt bò Larivyè
Jouden kote Jan te konn batize a. Li rete la. [41]Anpil moun
te vin jwenn li. Yo t ap di: Jan pat fè okenn mirak, men
tou sa li te di nou sou nonm sa a, se te vre wi. [42]Anpil
moun la te kwè nan Jezi.

Chapit 11

[1]Te gen yon nonm yo te rele Laza ki tonbe malad.
Li te rete Betani, yon ti bouk kote Mari t ap viv ansanm
ak Mat, sè l la. [2](Mari sa a, se te fanm ki te vide odè sou
pye Seyè a, epi ki te siye yo ak cheve li. Laza, nonm ki
te malad la, se te frè li.) [3]De sè yo voye yon moun bò kot
Jezi pou di li: Seyè, zanmi ou lan malad. [4]Lè Jezi tande
nouvèl la, li di: Maladi Laza a p ap touye li. Tou sa rive
pou fè moun wè pouvwa Bondye. Se ak maladi sa a
Bondye pral fè wè pouvwa Pitit li a. [5]Jezi te renmen
Mat, Mari, sè l la, ansanm ak Laza. [6]Apre li fin pran
nouvèl maladi Laza a, li rete de jou ankò kote l te ye a.
[7]Apre sa, li di disip li yo: Ann tounen nan Jide. [8]Disip li
yo reponn li: Mèt, pa gen lontan jwif yo t ap chache
touye w ak kout wòch, epi koulye a w vle tounen laba